



Schweizerische Eidgenossenschaft  
Confédération suisse  
Confederazione Svizzera  
Confederaziun svizra

Ambassade Suisse en République d'Haïti  
Bureau Projets Directs de Port-Salut

OREPA  
SUD

Office Régional  
d'Eau Potable  
et d'Assainissement  
SUD



# MODIL FÒMASYON SOU ZAFÈ DLO AK ASENISMAN

Pwojè PARHAFS  
Oct. 2022

Modil sa prepare pou ede TEPACs yo  
fè fòmasyon ak sansibilizasyon pou fanmiy  
ak kominote nan depateman Sid la



# TAB MATYÈ

<b>1- ENTWODIKSYON</b> .....	<b>5</b>
<hr/>	
<b>2- DLO - KISA DLO POTAB YE?</b> .....	<b>6</b>
a) Tretman dlo.....	6
a.1- Klorasyon.....	6
a.2- Filtrasyon.....	8
a.3- Dezenfeksyon nan solèy.....	9
a.4- Blanchiman dlo a ansanm ak klorasyon.....	10
a.5- Bouyi dlo.....	15
b) Kolekte/pwize dlo.....	16
c) Transpò ak estokaj dlo.....	16
d) Maladi kouran asosye ak itilizasyon dlo ki pa potab.....	19
d.1- Maladi ki gen rapò ak ma dlo.....	21
<hr/>	
<b>3- ASENISMAN - KISA ASENISMAN YE?</b> .....	<b>22</b>
a) Poukisa li enpòtan pou fè bon asenisman.....	23
b) Danje ki genyen lè yon moun twalèt atè.....	24
c) Senk (5) moman kle pou nou lave men nou.....	25
d) Poukisa li enpòtan pou nou lave men nou.....	26
<hr/>	
<b>4- IJYÈN- KISA IJYÈN YE ?</b> .....	<b>29</b>
a) Ijyèn alimantè.....	29
b) Ijyèn anviwonman.....	31
b.1) kisa ki kapab polye anviwonman epi bay maladi.....	31
c) Ijyèn pèsònèl.....	33
d) Jesyon fatra.....	34
e) Jesyon dechè solid.....	35
<hr/>	
<b>5- ANTRETYEN SISTÈM WASH</b> .....	<b>36</b>
a) Netwayaj twalèt.....	36
b) Itilizasyon twalèt.....	39
c) Drenaj dlo ize.....	41
d) Netwayaj rezèvwa .....	43
e) Netwayaj kaptaj.....	44



# 1- Entwodiksyon

Anbasad Swis nan kad pwojè Apwi Pou Rekonstriksyon Kay ak fè Fòmasyon nan Sid (PARHAFS) ap travay nan kot Sid peyi Dayiti aprè Siklòn Matthew 04 oktòb 2016 ak trableman tè 14 dawout 2021 an. Li devlope yon kolaborasyon ak Office Regionaux d'Eau Potable et d'Assainissement (Orepa-Sud) pou adapte modil fòmasyon sou zafè dlo ak asenisman ke ajan TEPACs yo itilize pou fè fòmasyon ak sansibilizasyon pou fanmi ak kominote nan depatman Sid la.

## Objektif modil sa a se pèmèt moun yo :

- Konnen ki mètè fason pou yo trete dlo
- Konnen tout danje ki genyen nan bwè dlo ki pa trete
- Enpòtans bon jan asenisman
- Ankourage chak fanmi gen yon latrin lakay yo
- Enpòtans antretyen ak ijyèn

Orepa Sud ak Anbasad la kwè ke bon jan fòmasyon ak sansibilizasyon se mètè mwayen pou ede diminye risk ki genyen nan bwè dlo ki pa trete (potab), nan fè bezwen (poupou) atè. Se poutèt sa, Orepa mete a dispozisyon chak komin nan depatman Sid la yon teknisyen pou fè aplike politik dlo potab ak asenisman, yon fason poul vin pi prè popilasyon an ak pwoteje lavi.

Modil fòmasyon sa a ap sèvi gid pou ede TEPAC yo nan fè fòmasyon ak sansibilizasyon nan diferan seksyon kominal yo.

## 2- Dlo<sup>1</sup>

### Kisa dlo potab la ye?

Daprè Oganizasyon Mondyal Lasante (OMS) yon dlo potab se lè li pa reprezante yon danje pou lasante pandan tout lavi yon moun lè li bwèl.

#### a) Tretman dlo


Tretman dlo se yon aksyon ki ede retire bakteri ak mikwòb nan dlo a pou rann li potab pou moun ka bwè li.

Li enpòtan pou nou trete dlo nap bwè pou nou pa trape maladi. Genyen senk (5) fason pou pi piti nou ka itilize pou trete dlo nan kay :

- a.1 -Klorasyon
- a.2 -Filtrasyon
- a.3 -Dezenfeksyon nan solèy
- a.4 -Blanchi dlo a ansanm ak klorasyon
- a.5 -Bouyi dlo

<sup>1</sup> Source: Gid fòmasyon pou teknisyen nan zafè dlo ak asenisman pou komin yo  
<http://wwwnc.cdc.gov/travel/page/water-treatment.htm>

Safe Water System for the developing World: A Handbook for implementing Household-based Water treatment and Safe Storage Projects [http://www.cdc.gov/safewater/manual/sws\\_manual.pdf](http://www.cdc.gov/safewater/manual/sws_manual.pdf)



### a.1. Klorasyon

Klorasyon an se lè nou trete dlo pou nou bwè ak klowòks, nan menm plas kote nou pral itilize la.

Klorasyon an redwi bakteri ak majorite viris, li pwoteje kont kontaminasyon, li gen bon enpak sou sante epi li fasil pou itilize.


## a.2. Filtrasyon

Filtrasyon se yon metòd ki pèmèt nou trete dlo pou bwè

Gen divès kalite filtè ki kapab sèvi pou retire kontaminan nan dlo. Gen 2 kalite ki plis itilize:


### a) Filtè bio-sab

Filtè bio-sab yo fòme yon kouch anwo sab la ki ede retire òganis ki pote maladi yo, ak anviron Katreven di pousan (90%) bakteri yo, Li fasil pou itilize epi li dire lontan.



### b) Filtè seramik

Filtè seramik yo retire majorite òganis yo paske dlo a pase nan yon ti trou ki tou piti, li redwi bakteri, li fasil pou li itilize epi li dire pi lontan.






### a.3- Dezenfeksyon nan solèy

Dezenfeksyon nan solèy se lè nou mete dlo klè nan boutèy plastik ki transparan epi nou metel deyò nan solèy. Se yon metòd ki pèmèt dlo a dezenfekte gras ak reyon solèy la, li efikas epi li pa koute chè,

#### Metòd sa enpòtan paske:

1. Li redwi bakteri, viris ak òganis
2. Pa gen risk kontaminasyon si moun bwè dlo a dirèkteman nan boutèy la.


Si gen gwo solèy, kite boutèy plastik yo nan solèy pou 6 è de tan, men si gen nyaj kite yo pou 2 jou.



### a.4 - Blanchiman dlo a ansanm ak Klorasyon

Pou blanchi dlo a ansanm ak klorasyon an gen plizyè pwodwi ke nou kapab itilize tankou:

- Akwatab
- Gadyen dlo
- Pur
- Klò likid



### b) Kisa akwatab la ye?

Akwatab se yon ti grenn klò ki touye mikwòb ki transmèt kolera ak anpil lot maladi. Se youn nan meyè fason pou dezenfekte dlo.

- Ou dwe mete yon grenn akwatab nan dlo, men ou pa dwe manje yo nan okenn sikonstans
- Akwatab la vini nan 5 dòz ak koulè diferan, ki depann de kantite dlo nou bezwen trete a<sup>2</sup>

<sup>2</sup> Source: Gid fòmasyon pou teknisyen nan zafè dlo ak asenisman pou komin yo

CDC.2010. Cholera Prevention and Control: Introduction to Community Engagement.

[http://www.cdc.gov/haiticholera/pdf/cholera\\_prevention\\_control.pdf](http://www.cdc.gov/haiticholera/pdf/cholera_prevention_control.pdf)




Grenn akwatab		Kantite grenn pou itilize		Kantite dlo	
Dòz	Koulè pake a	Dlo klè	Dlo twoub(Ki manke klè)	Lit	Galon <sup>3</sup>
8.5mg	Pake jonn	1	2	2.5	½
17mg	Pake vèt	1	2	5	1
33mg	Pake vèt	1	2	10	2 ½
67mg	Pake ble	1	2	20	5
167mg	Pake wouj	1	2	40	10

**Kijan pou sèvi ak akwatab**

Sèvi ak yon grenn akwatab si dlo a klè epi sèvi ak 2 grenn si dlo a gen tibidite (Si li troub)

1. Mete yonn oswa 2 akwatab nan dlo a
2. Brase dlo a ak yon kiyè/istansil pwòp
3. Rete tann 30 minit avan nou bwè dlo a oswa itilizel
4. Bwè epi itilize dlo potab la nan pwochèn 24 è de tan yo




<sup>3</sup> Source: *Gid fòmasyon pou teknisyen nan zafè dlo ak asenisman pou komin yo*  
 Presentation DA cadre reglementaire assainissement haiti 2 Etat des lieux de l'Assainissement en Haiti Hyemann,  
 DL Control of Communicable Diseases Manual. 18 th Edition. Washington DC: American Public Health Association 2004  
<http://ehproject.org/PDF/ehkm/cdc-Clorineresidual-updated.pdf>

### c) Kisa gadyen dlo a ye?

Gadyen dlo a se yon lòt pwodwi pou dezenfekte dlo. Li fabrike an Ayiti, se yon klò likid.

#### Kijan pouw sèvi ak gadyen dlo?

1. Vide yon (1) bouchon gadyen dlo nan 20 lit dlo (Ki vle di 5 galon); Si dlo a manke klè (gen tibidite) vide 2 bouchon.
2. Byen melanje dlo a ak gadyen dlo a
3. Kouvri veso dlo a epi tann 30 minit avan ou bwè dlo a
4. Bwè dlo potab la oswa itilizez avan 24 è de tan pase.



### d) Kisa pur lan ye?

Pur se yon lòt pwodwi pou dezenfekte dlo, li vini nan yon ti sachè, li gen yon koulè ble, se yon poud ki gen klò ansanm ak yon lòt pwodwi. Pur se pi bon metòd pou dezenfekte dlo ki troup sa vle di ki gen tibidite.

### Kijan pou sèvi ak Pur?

1. Vide poud la nan 10 lit dlo (Demi galon)
2. Brase dlo a byen pandan senk (5) minit
3. Kite dlo a poze pandan senk (5) minit
4. Filtre dlo a nan yon twal ki pwòp ki pa gen twou epi videl nan yon veso ki pwòp
5. Tann ven (20) minit avan nou bwè dlo a
6. Bwè epi itilize dlo potab sa a avan 24 è de tan pase




### e) Klò likid

Se yon pwodwi nou abitye itilize nan kay, nou kapab dezenfekte dlo avèl si pa gen lòt pwodwi ki disponib. Li rann dlo a potab epi san dange pou bwè.

*Sonje: Pwodwi klò sa a, gen yon pi gwo dòz ke lòt pwodwi dezenfeksyon yo tankou gadyen dlo.*

#### Kijan pou dezenfekte dlo ak pwodwi klò ou sèvi nan kay (Jif, klowòks)?

1. Mete 15 oubyen 16 ti gout nan 20 lit dlo (5 galon), brasel epi kouvri veso a
2. Mete 30 ti gout si dlo a gen tibidite (si li troub), brasel epi kouvri veso a.
3. Tann pou pi piti 30 minit avan ou sèvi ak dlo sa a
4. Bwè epi itilize dlo ki dezenfekte a nan pwochèn 24 è de tan yo




## a.5 -Bouyi dlo

Bouyi dlo se pi mètòd pou dezenfekte dlo pou bwè. Li touye bakteri, parazit ak lòt viris ki bay dyare. Bouyi dlo pa vle di ke dlo a pa ka kontamine yon dezyèm fwa se poutèt sa dlo a dwe byen pwoteje.


### Kijan pou bouyi dlo?

1. Mete dlo a bouyi pou yon ti tan pou touye tout patogèn (Jèm mikwòb ki pote maladi)
2. Nan zòn anwo mòn yo, bouyi dlo a pou plis tan
3. Kite dlo a retounen nan tanperati nòmal li avan nou bwèl
4. Nou kapab ajoute yon ti sèl pou amelyore gou dlo a
5. Konsève dlo a byen nan yon veso dezenfekte ki pwòp



### b) Kolekte dlo

Chak kominote gen youn oswa plizyè kote yo kolekte dlo tankou : **Sous, tiyo, pwen dlo, rivyè,** sistèm rekòlt dlo lapli elatriye.



*Sous, tiyo, rivyè, pwen dlo*

### c) Transpò ak estokaj dlo

Li enpòtan pou nou transpòte ak estoke dlo nan yon veso ki pwòp pou evite kontaminasyon.

**Aprè dlo a fin trete ak yon pwodwi ki fèt pou sa, li dwe konsève nan yon veso pwòp ki genyen :**

1. Yon kouvèti ki kouvriil byen sere



2. Yon robinè ki anpeche moun mete men oubyen tenbal, kiyè lòt veso nan dlo a.
3. Nou dwe lave veso chak lè dlo ki ladan lan fini, pou evite kontaminasyon.



**Si yon kay ap sèvi ak yon veso ki pa kouvri, nou dwe:**

1. Itilize dlo sa a sèlman pou lave ak fè netwayaj  
Kijan pou netwaye veso ak klowòks pou ka konsève dlo potab?
2. Lave veso a ak savon ak dlo potab, epi rensel byen ak dlo potab
3. Netwaye veso a ak yon solisyon ki fèt ak 2 ½ gwo kiyè klowòks pou yon (1) galon dlo

4. Kouvri veso a, byen soukel pou solisyon klò a kapab touche tout sifas andedan veso a
5. Tann yon ti tan (pou pi piti 30 second) epi jete tout solisyon ki nan veso a
6. Kite veso a seche avan li sèvi
7. Si pwodwi klò nou konn sèvi nan kay la tankou jif ak klowòks pata disponib, netwaye veso a ak savon ak dlo potab epi kitel seche a lè.

*Jeneralman moun nan kominote rekile yo itilize bokit, galon ak kalbas, kanari pou kolekte, tran-spòte ak estoke dlo.*




#### d) Maladi kouran asosye ak itilizasyon dlo ki pa potab

Se tout maladi moun ka pran lè yo bwè dlo ki pa trete (Potab), mikwòb ki lakòz transmisyon maladi sa yo viv nan dlo, tankou:

1. Kolera
2. Tifoyid
3. Epatit A
4. Fyè

Maladi sa yo transmèt nan eskreman (poupou) nan men, sou nenpòt bagay moun manyen lè nou pa lave men nou aprè lè nou soti nan twalèt, nan manje epi ak mouch.



## Prevansyon

1. Pwoteje epi trete estokaj dlo yo ak sous piblik yo
2. Toujou lave men nou
3. Pa jete pou pou ak vomisman atè
4. Toujou trete dlo nap bwè
5. Konbat rat, mouch, ravèt elatriye
6. Pwoteje manje yo pou yo pa kontamine



4

<sup>4</sup> Source: *Gid fòmasyon pou teknisyen nan zafè dlo ak asenisman pou komin yo*  
 Presentation DA cadre réglementaire assainissement haiti 2

*Etat des lieux de l'Assainissement en Haiti*

Hyemann, DL *Control of Communicable Diseases Manual. 18<sup>th</sup> Edition.* Washington DC: American Public Health Association 2004

<http://ehproject.org/PDF/ehkm/cdc-Clorineresidual-updated.pdf>



### d.1- Maladi ki gen rapò ak ma dlo

Se tout maladi yon moun ka pran lè nou kite dlo fè depo nan anviwonman nap viv, Tankou:

- Filaryoz
- Lafyèv jòn
- Malarya

#### Prevansyon

1. Kouvri veso dlo yo
2. Jere ma dlo yo nan kominote a
3. Vaksinasyon
4. Itilize moustikè
5. Kontwole popilasyon moustik yo



## 3- Asenisman

### Kisa asenisman ye?

Asenisman se lè nou jere tout dechè, pou pou, dlo sal epi jete yo nan latrin oswa kote ki fèt pou sa. Yon bon asenisman ak netwayaj anpeche transmisyon jèm mikròb tankou kolera elatriye.

#### Gen plizyè kalite asenisman :

- Fè bezwen atè
- Asenisman ki pa amelyore
- Asenisman ki pataje/separe
- Asenisman ki amelyore



### a) Poukisa li enpòtan pou fè bon asenisman?

Li enpòtan pou fè bon asenisman, sa ap ede pa atrape maladi ki transmèt nan dechè likid, nan pou pou elatriye.

#### Prevansyon

1. Jete dechè pou pou nan latrin/twalèt
2. Fè bezwen nou nan latrin oswa twalèt
3. Netwaye ak jif oswa klowòks latrin ak lòt sifas ki kontamine ak dechè pou pou oswa vomisman.
4. Lave men nou souvan ak dlo pwòp epi savon



1. **Nb :** Pou evite kontaminasyon, twou latrin yo pa dwe rive jwen ak nap freyatik la.

**b) Danje ki genyen lè yon moun twalèt atè**

Fè bezwen atè (poupou) se yon menas pou sante ak sekirite piblik sitou pou fanm ak tifi.


Fè bezwen atè (poupou) ant pye bwa, nan sous dlo, nan lòt espas nan lanati oubyen jete dechè pou pou yo ansanm ak lòt fatra, pa pwoteje entimite epi se tout kominote a ki an danje. Jete dechè (poupou) timoun yo nan latrin oswa kote ki fèt pou sa, konsa sa anpeche pwopagasyon maladi moun pran nan pou pou.





**c) Senk (5) moman kle pou nou lave men nou.****Kilè nou dwe lave men nou ?**

1. Lè nou sot nan latrin oswa twalèt
2. Avan nou manje oswa prepare manje
3. Avan nou bay timoun manje oswa tete
4. Lè nou fin netwaye timoun oswa yon moun ki malad
5. Aprè nenpòt lòt aktivite kifè men nou sal (egz. Estène, manyen fatra oswa bèt elatriye...)



#### d) Poukisa li enpòtan pou nou lave men nou ?

Li enpòtan pou nou lave men ak dlo pwòp ak savon, yon fason pou anpeche transmisyon maladi tankou kolera. Savon ede retire ti jèm mikròb ki sou men nou. Nou dwe lave men nou souvan pou nou kapab pwoteje tèt nou ak fanmi nou.

*Nb : Men ki pa lave oswa ki pa byen lave kapab transmèt maladi nan manje, dlo ak tout sa yo manyen nan kay la.*

#### Kijan pou nou lave men nou

1. Mouye men nou ak dlo pwòp



2. Pase savon sou men nou jiskaske li fè kim



3. Savonnen tout men nou net (anba zong nou, fant dwèt nou rive jis nan koud bra nou)

U



4. Vide dlo pwòp sou men nou pou rensè yo



5. Seche men nou byen ak yon sèvyèt pwòp oubyen kite yo seche a lè.



## 4- Ijyèn

### Kisa Ijyèn ye ?

Ansanm prensip, pratik endividyèl oswa kolektif ki vize a prezève sante nòmal kò a : Ijyèn ede nou kenbe Kò nou avèk anvironman nou an sante. Ijyèn limite tout risk pou tranmisyon maladi


#### a) Ijyèn alimentè

Ijyèn alimentè se yon seri règ senp ki ede asire sekirite manje nou, pou evite kontaminasyon.

Règ sa yo konsène tout moun ki nan chèn alimentè a depi nan moun kap vann pou rive nan moun kap manje. Objektif prensipal ijyèn alimentè a se pou prezève sante moun nan zafè manje.

#### Poukisa li enpòtan pou nou prepare manje ak dlo pwòp ?

Lè nou sèvi ak dlo pwòp pou prepare manje, sa redwi danje maladi ki vini akòz bakteri ak lòt



jèm mikwòb.

Lè nou respekte règ ijyèn yo, sa ap ede nou manje, manje ki pa kontamine.

### Ijyèn alimantè a baze sou prensip sa yo :

1. Lave men nou souvan avèk savon epi dlo pwòp pou anpeche jèm mikwòb antre nan manje a
2. Lè nou ap prepare manje, sèvi ak dlo trete ki nan yon galon ki byen konsève oubyen ki te trete ak yon pwodwi klò
3. Manje yo sipoze byen kwit
4. Kouvri manje ki deja kwit, pou pwoteje li kont mouch ak pousyè
5. Netwaye tout veso ki itilize avan oswa aprè nou fè manje
6. Lave legim ak fwi yo ak dlo pwòp pou retire mikwòb ansanm ak pousyè tè ki ka kontamine yo



## b) Ijyèn anviwonmantal

Ijyèn anviwonmantal la ede kominote a kenbe anviwonman li pwòp ak an sante. Depi anviwonman pwòp, kay yo pwòp nou ap genyen yon kominote an sante.

Ijyèn anviwonman, an jeneral genyen ladanl tout aktivite dezenfeksyon pou kontrole bakteri ak lòt jèm maladi ki danjere pou sante moun nan kominote yo. Elimine tout sa ki lakòz maladi nan kominote yo egzang rat, ravèt, mouch ak ma dlo sal.....

### ***b.1) Kisa ki kapab polye anviwonman epi bay maladi ?***

#### **Polisyon anviwonman kapab koze ak:**

1. Moun kap fè bezwen(pipi) nenpòt kote - Ekskremans bèt yo



2. Pousyè - Moun kap jete fatra nenpòt kote




3. Manje ki gate ke mouch ap poze sou yo

- Dlo sal



4. Lave dra kabann, rad ak kouchèt yo avèk savon a yon distans 30 mètr pou pi piti de tout sous dlo.



*Nb : Pa bliye anviwonman se salon nou, toujou kenbe li pwòp*




### c) Ijyèn pèsònèl

Ijyèn pèsònèl se tout swen nou bay kò nou pou ede nou rete an sante. Nou dwe gen bon ijyèn pèsònèl.

Kisa nou dwe fè pou nou genyen yon ijyèn pèsònèl ki adapte ?

**Pou nou genyen yon ijyèn pèsònèl ki adapte nou dwe :**

1. Benyen souvan
2. Toujou lave cheve nou
3. Brose dan nou 2 fwa pa jou
4. Chanje rad ak souvètman nou chak jou
5. Netwaye zòrèy nou souvan
6. Nou dwe lave sèvyèt ke nou sèvi pou netwaye kay la ; lave yo ak dlo ak savon chak jou epi kite yo seche a lè avan nou sèvi avèk yo ankò.



Li enpòtan pou nou ankouraje timoun yo pou fè ijyèn pèsònèl. Sa ap ede yo rete an sante ak amelyore relasyon yo ak lòt timoun.


#### d) Jesyon fatra

Dechè solid se sa nou rele fatra a, ladanl nou jwen tout bagay ke nou itilize chak jou, òganik (manje ak pwodwi pou bèt) ak sa ki pa òganik (sachè plastik, veso papyè elatriye) Nou dwe triye fatra yo avan nou jete yo

Jesyon fatra gen ladanl ranmase, transpòte ak jete fatra.

#### Danje nan ki genyen nan dechè solid

1. Li kenbe dlo kifè moustik yo miltipliye ki bay malarya ak deng
2. Li bloke kanal dlo yo epi li lakoz inondasyon
3. Li kontamine sous dlo yo
4. Dechè solid òganik ka atire mouch



### e) Jesyon dechè solid

1. Kominote a dwe konnen oswa idantifye zòn kote yo ka jete fatra oubyen ki jou sèvis disponib la ap pase pran yo.
2. Fatra ki ranmase yo kapab swa resikle, fè konpòst/fimyè epi jete sak paka itilize yo kote ki fèt pou sa.
3. Nou dwe jete fatra yo chak jou nan yon espas ki fèt pou sa, pou evite pwopagasyon jèm mikwòb. Nou dwe gen yon veso pou chak kalite fatra



## 5- Antretyen sistèm WASH


### a) Netwayaj twalèt

Netwayaj se pwosesis pou retire tout sa ki pa bon tankou pousyè, fatra, jèm mikwòb elatriye, nan yon objè oswa anviwonman. Lè nou ap fè netwayaj nou dwe netwaye ni atè ni alè pou retire fil areyen ak nich bèt.


### Kijan pou nou pran swen twalèt yo ?

Twalèt yo se yon nan zòn ki pi fasil pou bakteri, ak lòt jèm mikwòb ki danje pou lasante viv. Lè nou ap netwaye twalèt yo nou dwe :

1. Netwaye kouvèti twalèt yo, ak plasman kote nap chita avèk dezenfektan pou li pa kontamine moun kap sèvi ladanl.




2. Nou dwe toujou kite bouch twalèt yo kouvri sitou latrin yo pou anpeche mouch ak lòt bèt ki soti nan latrin lan antre nan kay nou.



3. Itilize yon bròs oswa yon bale pou nou netwaye andan bouch syèj latrin lan menm jan pou twalèt ki ka floshe yo.



4. Pou nou chase move lodè nan latrin yo nou kapab itilize sann chabon oswa sèl.
5. Mete yon bokit ki gen robinè ak yon bout savon nan antre twalèt la pou tout moun lave men lè yo soti nan twalèt



6. Mete yon poubèl nan twalèt yo pou jete fatra
7. Li enpotan pou nou netwaye tout sifas twalèt yo, netwaye yo pou pi piti de (2) fwa pa jou ak dezenfektan.



5


## b) Itilizasyon twalèt

**Nou dwe toujou fè yon ti rapèl sou règ ijyèn yo pou moun kap viv nan kay la :**

1. Nou dwe toujou fèmen pòt yo se premye règ twalèt yo.
2. Nou dwe itilize papye twalèt pou nou siye lè nou fin fè bezwen nou.



3. Nou pa dwe pipi atè a. Lè nou chita sou twalèt la, chita nan yon bon pozisyon pou pipi a pa tonbe atè. Si nou ap pipi kanpe chache yon bon direksyon poun pa sal atè a.




<sup>5</sup> Source: Gid fòmasyon pou teknisyen nan zafè dlo ak asenisman pou komin yo  
Gid Antretyen Kay TCLA Pwojè PARHAFS yo nan Depatman Sid Dayiti

4. Nou dwe netwaye syèj twalèt la si nou sal li pandan nou ap itilize, pa respè pou lòt moun kap itilize twalèt la.
5. Pou twalèt modèn yo nou dwe flòsh twalèt yo lè nou fin sèvi ladanl. Pèsòn pa dwe bliye etap enpòtan sa.



6. Toujou asire nou ke gen papye andan twalèt la. Chak lè li fini ranplasel rapid pou nou pa itilize ròch, moso bwa, bout twa ak bwa mayi.
7. Nou pa dwe itilize twalèt yo pou nou fe depo.





### c) Drenaj dlo ize

Dlo ize se tout dlo ki fin itilize. Gen plizè tip dlo ize :

- a. Dlo ki soti nan twalèt ak nan douch
- b. Dlo ki soti nan kizin ak dlo yo fin lave



- c. Dlo ki soti nan izin oswa nan jaden




Dlo ize ki soti nan kay yo gen anpil matyè òganik ak mikwòb ki kapab danje pou sante nou. Dlo ize yo konn gen fatra, anpil fwa se pou rezon sa nou pa dwe jete dlo ize yo nan anviwonman pou nou pa polye anviwonman.

**Pou nou pwoteje anviwonman ak pwoteje tèt nou ak fanmiy nou, nou dwe:**

1. Gen yon espas pou dlo koule nan douch yo
2. Pa jete dlo ize nou fin netwaye latrin yo pre kay. Jete yo a yon distans 30 mètr pou pi piti de kay la.
3. Pa vide dlo ize yo nan trou pou nou pa kontamine nap freyatik la
4. Retire tout ma dlo nan twalèt, nan kizin ak nan douch yo
5. Toujou fè kanal pou dlo lapli ak dlo sal pa rete domi nan lakou a

**d) Netwayaj rezèvwa**

Yon rezèvwa se yon veso yo itilize pou kapte oswa pou konsève dlo. Nou dwe pran swen rezèvwa yo. Kominote a dwe mete ansanm pou yo netwaye rezèvwa piblik yo ak sous dlo yo, dwe gen siveyans pèman nan rezèvwa ak sous dlo yo.



**Nan zòn kote chak moun gen rezèvwa prive yo nou dwe:**

1. Lave rezèvwa ak dlo potab ak savon chak lè dlo ki ladan lan fini
2. Toujou kite rezèvwa kouvri pou pwoteje dlo nap sèvi a
3. Toujou kenbe espas rezèvwa pwòp pou pwoteje dlo a kont tout risk kontaminasyon
4. Pa kite timoun yo jwe nan robinè rezèvwa a




### e) Kisa kaptaj la ye ?

Kaptaj se lè yo kanalize dlo nan yon sous ki vin parèt nan yon zòn ki genyen yon dal an beton ki pou kenbe kondisyon sanitè dlo a.

Li enpòtan pou nou pwoteje zòn ki nan tèt sous la. Fè yon kloti ak yon twou pou bèt pa proche ak pou dlo ka drene.

#### - Genyen twa (3) kalite kaptaj

1. Kaptaj oswa pwen dlo ki pa genyen ni kondwit ni rezèvwa
2. Kaptaj ki pa genyen rezèvwa epi ki gen kondwit
3. Kaptaj ki gen rezèvwa ak kondwit



## Fason nou dwe netwaye kaptaj yo

### a) Kaptaj oswa pwen dlo ki pa genyen ni konwit ni rezèvwa

1. Lè nou ap netwaye kataj la nou dwe pase yon mesaj nan zòn lan pou kominote a pran dlo mete lakay yo
2. Retire tout limon ak tè yo epi vide dlo pouw rense li plizyè fwa
3. Vide yon solisyon klò nan rezèvwa avan kominote a pran dlo
4. Netwaye alantou kaptaj la pou nou retire fèy bwa ak raje



**b) Kataj ki pa genyen rezèvwa epi ki gen kondwit**

1. Lè nap netwaye kaptaj ki pa gen rezèvwa nou dwe kite tout robinè yo ouvri
2. Aprè lage dlo pou rensel plizyè fwa
3. Kite robinè yo ouvri pou yon jounen pou tout dlo sal la tonbe
4. Nan demen kominote a kapab pran dlo a



### c) Kaptap ki gen rezèvwa ak kondwit

1. Lè nou ap netwaye Kaptap ki gen rezèvwa ak kondwit la fèmèn kondwit a ouvri vidanj lan
2. Retire tout limon ak fatra
3. Rensel pou piti 3 fwa
4. Lage dlo rensè yo tonbe nan vidaj lan
5. Fè yon solisyon klò pouw vide ladanl
6. Lè nou fin level femèn vidanj lan epi ouvri rèzèvwa pou kominote a pran dlo















# YON ANVIWONNMAN SEN SE YON KOMINOTE AN SANTE !



Schweizerische Eidgenossenschaft  
Confédération suisse  
Confederazione Svizzera  
Confederaziun svizra



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI  
**DINEPA**  
Direction Nationale  
de l'Eau Potable  
et de l'Assainissement

**OREPA  
SUD**

Office Régional  
d'Eau Potable  
et d'Assainissement  
**SUD**